**REZYUME.** Bu maqola dirijyorlıq san'atining tarixi uning rivojlanishi va o'zlashtirilishi, ijro chevarligi qoidalari, o'qitish tartibi haqida aytib o'tsak bo'ladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается об истории искусства дирижирования, его развитии и контроле, правилах исполнения и порядке обучения.

**SUMMARY.** This article talks about the history of the art of conducting, its development and control, rules of performance and training procedures.

## ASQAR JÍRAW DÓRETIWSHILIGI

**Z.Askarova** - *úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik mádeniyat hám kórkem óner institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** doston, motiv, folklor, variant, baxshi.
**Ключевые слова:** эпос, мотив фольклор, вариант.
**Key words:** epic, motiv, folklore, variant, baksy, jıraw.

Túrkiy xalıqlarda jırawshılıq ónerinıń saǵası áyyemgi dáwirlerden baslanadı. Bul haqqında «Orxon-Enisey» jazba estelikleri tekstin jazdırǵan Tonıkók penen Yolluǵ Tegin, «Oguznama» jazba esteligin jazǵan Ulıq túrk degen boljawlar bar. Olar óz dáwiriniń jırawları bolǵan degen boljawlar, pikirler hám derekler bar. Al, VIII-XI ásirlerdiń jazba esteligi «Kitabı dadam Qorqıt» jırlarınıń qaharmanı sıpatında qatnasatuǵın Qorqıt atanıń tariyxta jasaǵanlıǵı, jıraw bolǵanlıǵı tuwralı jazba derekler jetip kelgen biraq, Tonıkók, Yollıǵ, Tegin hám Ulıq túrklerdiń jıraw bolǵanlıǵı haqqında qolımızda jazba derekler joq. Qorqıt atanıń óz dáwirinde ullı oyshıl, danıshpan, áwliye, el basshısı, ataqlı jıraw hám shayır, xalıqtıń aqılgóyi bolǵanlıǵın tastıyıqlawshı kóp ǵana tariyxıy faktler hám derekler bar. Mısalı: tariyxshılar Abulǵazı Bahadur xannıń «Shejereyi terekime» («Túrk shejiresi»), Rashid-ad-Dinniń Jami at-tawarix» («Shejireler jıynaǵı») miy-netlerinde, XIV-XV ásirdiń ullı shayırları Abduraxman Jámiy, Álisher Nawayı Qorqıt ata tuwralı jazıp qaldırǵan. Qorqıt ata haqqında, onıń jıraw bolǵanlıǵı tuwralı qaraqalpaqlarda xalıq áńgimeleri, ańız- ápsanaları keń taralǵan. Hátteki, Qorqıt atanıń qobız saz ásbabın oylap tapqanlıǵı hám soqqanlıǵı haqqında qızıqlı ańız bar. Jırawlar atqaratuǵın dástanlar, termeler, tolǵawlar qobız muzıka saz ásbabında atqarılǵan. Usı qobız saz ásbabı da áyyemgi dáwirdiń esteligi «Kitabı dadam Qorqıt» jazba esteliginen orın alǵan bir jırda Qorqıt ata qolına qobızın alıp jır jırladı dep aytılsa, Mahmud Qashqariydiń «Devonu – luǵat-it túrk» jazba esteliginde «Qobızlıǵ kishi» degen maǵlıwmattı ushıratamız. Áyyemnen miyras bolıp kiyatırǵan qobız saz ásbabı búgingi kúnge kelip túrkiy xalıqlardıń ishinde tek qaraqalpaqlarda ǵana saqlanıp qalǵan. Sonlıqtan da, dúnya mádeniyatı, kórkem óneri tariyxında qaraqalpaq jırawı hám onıń qobız saz ásbabınıń tutatuǵın ornı ayrıqsha. Qaraqalpaq xalqı arasında jırawlar oǵada kóp bolǵan. Bul haqqında professor S.Bahadırova bılayınsha sóz etedi: «Qaraqalpaq jırawlarınan bizge 300 den aslam jırawlardıń atı belgili…, olardıń ishinde 40 qa jaqın jırawdıń repertuarınan 200 den aslam dástanlar jazıp alınǵan»-dep jazadı. [1. 90] Professor Q.Ayım-betov «Xalıq danalıǵı» atlı izertlewinde qaraqal-paqlarda 54 jıraw, 7 baqsı, 52 qıssaxannıń atları, tuwılǵan hám qaytıs bolǵan jılları haqqında maǵlıwmat berilgen. 31 jıraw naması, 28 duwtar naması jóninde qısqa ańızlar keltiriledi. Onnan basqa baqsı-jırawlardıń súwretleri menen qosa, shayırlardıń, baqsılardıń sxemada shejire – kestesi berilgen. [2.74-256]

Q.Ayımbetov keltirgen joqarıdaǵı maǵlıwmatta qaraqalpaq jırawlarınıń qatarında Asqar jıraw Bekeevtiń ismi de keltiriledi. Bul jıraw haqqında jırawalardıń shejire-kestesinde de beriledi.

Asqar jıraw (1900-1984) Qaraózek rayonı-nda «Qarabuǵa» awılında tuwılǵan. Asqar jırawdıń sawatı bolmaǵan, biraq júdá qolı epli, ónerli adam bolǵan hám yadta saqlaw qábileti kúshli, qatıqulaq, esitkenin umıtpaytuǵın bolǵan. Sol dáwirde belgili jırawlardıń biri Izimbet jıraw aǵayini bolǵanlıqtan onıń shańaraǵına kelip atqarǵan dástanların tıńlaǵan hám ustazınan «Qoblan», «Edige», «Alpamıs», «Máspatsha» hám t.b. dástanlardı úyrenedi.

Qaraqalpaq xalqınıń ataqlı jırawları Esemurat, Ábdirásúwli, Qulamet, Qurbanbay jırawlar Nurabulla jırawdıń tiykarǵı shákirtleri esaplanadı. Solay etip qaraqalpaq xalqında óz aldına Nurabulla jıraw mektebi qáliplesken. Kórnekli ilimpaz N.Dáwqaraev qaraqalpaq jırawların eki mektepke bóledi. Birinshi Jiyen jıraw (XVIII ásir) mektebi: buǵan Aytuwar, Qabıl, Xalmurat, Jiyemurat, Qurbanbay

jırawlardı, al ekinshi Soppaslı Sıpıra jıraw (XIV ásir) mektebi: buǵan Jiyen jıraw, Turımbet, Bayniyaz, Nurabulla, Erpolat, Esemurat, Xojambergen (Ógiz jıraw), Qıyas jırawlardı jatqaradı. [3.102] Usı maǵlıwmatlardan-aq, qaraqalpaq xalqında ustaz-shákirt mektebi erteden qálipleskenligin kóriwge boladı. Usınday ataqlı jırawlar, yaǵnıy Nurabulla, Ábdúrásúwli, Izimbet jırawalardıń shákirti Asqar jıraw Bekeev esaplanadı. Asqar jırawdan 1960-jılı ilimiy xızmetker Á.Jamalov «Qoblan» dástanın jazıp aladı. Dástannıń qoljazbası ÓzRIAQQb kitapxanasında saqlanadı, kólemi 134 bet, 2209 qatar qosıqtan turadı. Biz bul maqalamızda Asqar jırawdan jazıp alınǵan «Qoblan» dástanı haqqında qısqasha pikir júritemiz. Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanı «Qoblan» dástanınıń 9 variantı bar. Solardıń biri Asqar jıraw Bekeev variantı bolıp, dástan Qoblannıń Kóbikli dáwge qarsı atlanǵan jerinen baslanadı. Asqar jıraw variantınıń baslanıwı 1903-jılı I.A. Belyaev jazıp alǵan Imamqulı jıraw variantındaǵı waqıyanıń baslanıwı menen birdey. Dástannıń Jánibek hám Erejep jıraw variantlarınan basqa barlıǵında Qoblan Azıwdıń awır sháhárindegi Kóbikli dáwge qarsı atlanadı. Dástannıń qaharmanlıq yadrosın ashıp beretuǵın tiykarǵı bólimi de usı syujet, yaǵnıy Qoblannıń Kóbiklige qarsı jawıngerlik júrisi esaplanadı. Dástannıń usı bólimi jırawlar repertuarında kóbirek jırlanǵan tiykarǵı bólimi bolıwı kerek. Sebebi, Asqar hám Imamqulı jırawlarda, usı bólimnen, yaǵnıy Qoblannıń Kóbiklige atlanǵan jerinen baslaydı. Bunıń sebebin professor I.Saǵitov bılay túsindiredi: «…bul bólim (Qoblannıń Kóbiklige atlanısı – P.K.) dástannıń eń úlken, eń áhmiyetli hám tıńlawshıǵa tásir etetuǵın qızıqlı bólimi bolıp tabıladı. Sonlıqtan da, bir qatar jırawlar dástannıń tolıq variantın bastan ayaq jırlap otırmastan, onıń eń qızıqlı bólimi Qoblannıń Kóbiklige atlanısın súwretleytuǵın bólimin ǵanan jırlaw menen sheklenetuǵın bolǵan» – dep jazadı. [5.103] Jırawshılıq ónerindegi usınday ózgeshelik haqqında professor Q.Maqsetov ta: «Epostıń barlıq epizodları tıńlawshılar tárepinen birdey qızıǵıwshılıq penen tıńlanbaydı. Usını esapqa alıp geypara jırawlar epostıń hámmesin tolıq atqarmastan, geyde onıń eń qızıq, ótkir jerlerin atqarıw menen sheklenedi» – dep jazǵan edi. [6.145] Bálkim, usı dástúr boyınsha Asqar hám Imamqulı jırawlar dástandı jazıp alıwshılarǵa tek ǵana Qoblannıń Kóbiklige atlanǵan jerinen baslap aytıp bergen bolıwı kerek.

Dástanda Qoblan birneshe dáwir menen jekpe-jek gúresedi hám jeńiske erisedi. Qaharmannıń dushpanlarınıń ústinen jeńiske erisiwi barlıq eposlarǵa tán xarakterli jaǵday. Biraq, Qoblannıń Kóbikli dáw menen alıp barǵan gúresiniń súwretleniwi basqa heshbir eposlarda ushıraspaytuǵın ózinshelikke iye. Jırawlar Qoblannan Kóbikli dáwdiń kúshin basım etip kórsetedi. Sonıń menen birge Karam hám Asqar jıraw variantlarında Qaramandı ilahiy kúshke iye, duwaxan obrazında tanıtıw bar. Barlıq variantta Qoblan Azıwlınıń qalasınan qaytıp kiyatırıp tús kóredi. Alshaǵır gáwir elin shawıp, xalqın bende etip alıp ketkenin biledi. Usı xabardı esitken Qoblan Azıwlı qalasınan alǵan barlıq dúnya-maldı hám bende bolǵan qullardı 40 jigitine tapsırıp, asıǵıslıq penen Qıpshaq eline atlanadı. Usı epizod Asqar jıraw variantında basqa jırawlardıń variantınan ózgeshe túrde turmısqa jaqınlastırılıp beriledi. Mısalı: *«Qoblan 40 jigitiniń ishinen Toqtar degen jigitti shaqırıp alıp, oǵan óziniń kiyimlerin kiygizip, kiyatırǵan bendelerge kúnine bir ret kórinis berip aldında júre ber, deydi. Eger Toqtar ekenińdi bilse, seniń menen neshe kún urısıp elinen qaytıp ketip júrmesin deydi.»* [7.36]

Asqar jıraw waqıyanı usılay súwretlemegende de dástannıń syujetine unamsız tásiri tiymes edi. Lekin, tereńirek itibar berip qaralsa, bende bolǵan tutqınlar qaralsa, bende bolǵan tutqınlar xalıq batırı Qoblannıń joqlıǵın bilse, kóterilis shıǵaratuǵını da ıras. Bul da Asqar jırawdıń jeke pikirlewindegi tereńlikti kórsetedi. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, dástannıń ayırım variantları jırawlardan tolıq jazıp alınbaǵanlıqtan, Arzımbet, Imamqulı, Asqar jıraw variantları Alshaǵırdı óltirip, bende bolǵan xalqın qutqarıp eline keliwi hám Aqshaxannıń gúnasın moynına qoyıp óltiriwi menen juwmaqlanadı. Solay etip, dástan waqıyası qaharmannıń bende bolǵan eli, xalqın tutqınnan azat etiwi menen tamam boladı. Dástan syujetiniń usınday formada juwmaqlanıwı kópshilik qaharmanlıq eposlar, sonıń ishinde qaraqalpaq qaharmanlıq dástanları ushın da tán. Mısalı «Qırıq qız» h.t.b. dástanlar batırdıń bende bolǵan xalqın jawdan qutqarıwı menen juwmaqlanadı. Asqar jıraw variantı Dáwletmurat jıraw variantına júdá uqsas. Bunıń sebebi, bul jırawdıń ekewi «Qoblan» dástannıń bir ustazdan úyrengenliginde, bunnan tısqarı olardıń ataqlı Nurabulla jıraw mektebinen shıqqanlıǵında bolıp otır. Asqar jıraw Bekeev xalıqqa belgili jıraw bolǵanlıqtan Tashkentte onıń 12 naması gramplastinkaǵa túsirilgen, al Qaraqalpaqstan radiosında kóplegen terme-toǵawları, namaları altın fondqa, magnit lentasına jazıp alınǵan. Atap aytqanda «Tolǵaw», «Kelte ziban»,

«Turımbet naması», «Izimbet jolı», «Kelte tolǵaw», «Yar-yar», «Ílǵal», «Aqbilek» h.t.b. namaları jazıp alınıp miyras bolıp qalǵan. Qaraqalpaqstan televideniyesi óz waqtında jıraw jırlaǵan «Qoblan» dástanınan úzindi jazıp alıp qalǵan. Juwmaqlap aytqanda, Asqar jıraw Bekeev xalqımızǵa bay miyras qaldırıp ketken ataqlı qaraqalpaq jırawı esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. S.Bahadırova Qaraqalpaq qanday xalıq. Nókis, «Nawrız», 2017, 90-bet.
2. Q. Ayımbetov. Xalıq danalıǵı. Nókis, QQMB, 1968,74-256-betler.
3. Dáwqaraev N. Shıǵarmalarınıń tolıq jıynaǵı. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1977, 102-bet.
4. Qoljazbalar fondı. P-92, Q-71 inv. № 34664.
5. Saǵitova I. Qaraqalpaq xalqınıń qaharmanlıq eposı. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1986, 103-bet.
6. Maqsetov Q. Dástanlar, jırawlar, baqsılar. Nókis, "Qaraqalpaqstan", 1992, 145-bet.
7. ÓzRIAQb Qoljazbalar fondı. P-92, Q-71 inv. № 34664, 36-bet.



**PEZYUME.** Qoraqalpoq xalq dostoni «Qoblan» asarining kelib chiqishi va tarixiy manbalari urganiladi. Qoraqalpoq jirovlari ijro etkan dostonlar variantlarini qiyoslash yoʻli bilan oʻrganiladi.

**РЕЗЮМЕ.** Изучаются происхождение и исторические источники каракалпакского народного эпоса «Коблан». Она изучается путем сравнения вариантов в исполнений каракалпакского жиров.

**SUMMARY.** The origin and historical sources of the Karakalpak folk epic «Koblan» are studied. The Karakalpak jirovs are studied by comparing the variants of the epics performed.


ЎДК: 127; 218-219 (2024)

## ОҚЫЎШЫ МЕНЕН ТАНЫСЫЎ


**С.А.Балтаниязов**-*профессор*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** ўқитувчи, талаба, қўшиқчи, мусиқа, опера, романс.

**Ключевые слова:** педагог, студент, певец, композитор, музыка, опера, романс.

**Key words:** teacher, student, singer, composer, music, opera, romance


Көбинесе, бийтаныс оқыўшы менен танысыў, алдын белгили бир тәлим, кириў имтиханларын тыңлаў ўақтында жүз береди. Таңлаў комиссиясы тек ғана рәсмий вокал мағлыўматларын: сулыўлық, күшлилик, даўыс диапазоны, даўыстың тегислигин, бәлки музыкалылығы ҳәм музыкаға таярлық дәрежеси, сезимлилиги, қосықшының даўысы, оның улыўма мәденияты, усыл сезиўи, сыртқы мағлыўматлар ҳәм сыртқы көринисин тексереди ҳәм көркемлик жақтан баҳалайды. Қабыллаў мәселеси мудамы мағлыўматлар комплекси тәрепинен шешиледи. Олардың ҳәр бир оқыўшыға берген баҳалары айрықша болып табылады. Көркем өнерде үлкен жетискенликлерди ийелеў ушын зәрүр болған барлық көп қырлы мағлыўматлар комплексин ийелеў керек. Бирақ, киретуғын жуўмақта көбинесе исленбеген пазыйлетлер әмелдеги ҳәм комиссия шынығыўлар процессинде олардың раўажланыўына үмитлениўи керек.

Әжайып вокал мағлыўматларына ийе, бирақ музыкалық жақтан төмен болса, оның раўажланыўына исениў керек. Егер пүткил комплекс әжайып болса да, бирақ даўыста сезилерли кемшиликлер болса, олар оқыў ўақтында усы кемшиликлерди сапластырыўларына үмитленеди. Қабыллаў ўақтында комиссия мудамы болажақ студенттиң барлық керекли пазыйлетлерди раўажландырыўдың мүмкиншилигин есапқа алады.

Қағыйда жолы менен, таңлаў комиссиясы оқытыўшыларының тәжирийбеси оларға туўры қарарларды айтады, бирақ экзамен шараятында өзиңизди студент туўрысында туўры ойда сәўлелендириў мүмкин емес.

Экзамен шараятында даўыс тәрепинен де, музыка ҳәм көркем мағлыўматлардан да унамлы айрықшалықларды жоғалтатуғын студентлер де бар. Гейпара студентлер көп зәрүрли вокал ҳәм атқарыў шеберлигин көрсете алмаўы, мийдиң басқа ағзаларының искерлигине тосқынлық етеди. Бундай дегенимиз студент «албыраған», «сахнада өзин көрсете алмады», «нәпесин жоғалтты», даўыс шынығыўсыз қосығын айтты ҳ. т. басқа. Жанлы, атқарыў, сезими класста, сахнада ол бийпарық, шекленген болып шығады. Экзаменде даўыстың тонға түспеўи